



## Policy 5900: Anti-Bullying Policy 5900: Kont Zak Entimidasyon (Bullying)

SCHOOL BOARD OF BROWARD COUNTY, FLORIDA- KONSÈY EDIKASYON BROWARD, FLORIDA, KWÈ TOUT MANM KONSÈY EDIKASYON, ANPLWAYE DISTRI, ELÈV, AJAN, KONSILTAN, KONTRAKTÈ, VIZITÈ, VOLONTÈ, OSWA TOUT LÒT MOUN ANDWA FÈ ESPERYANS ESKOLÈ KI OFRI SEKIRITE, KI EKITAB, EPI KI LIB DE TOUT ARASMAN. YO PAP TOLERE POU OKENN REZON ZAK ENTIMIDASYON (BULLYING), ARASMAN, ARASMAN SEKSYÈL, OSWA DISKRIMINASYON, SI SA RIVE, SA KA LAKÒZ AKSYON DISIPLINÈ. DIREKTIV REGLEMAN SA DWE ENTÈPRETE EPI APLIKE YON FASON KONSISTAN ANNAKÒ AVÈK LWA LETA, LWA FEDERAL KI APLIKAB SAN BLIYE KONTRA KOLEKTIF KONSÈY EDIKASYON APWOUVE. SELON DEFINISYON KI NAN TÈKS LA, KONDWIT KI KONSTITYE ZAK ENTIMIDASYON (BULLYING), ARASMAN, ARASMAN SEKSYÈL OSWA DISKRIMINASYON, ENTÈDI. POLICY 4001.1, DEKLARASYON NON DISKRIMINASYON, ADRESE KONDISYON EGZIJIB POU PWOTEJE KONT DISKRIMINASYON KATEGORI MOUN KI IDANTIFYE ONIVO FEDERAL, LETA, EPI LOKAL.

Nòm direktiv sa konstitye yon sistèm sipò espesifik, sible, kowòdone, entegre, sansibilize sou valè kilti tout pati-yo, nan bi amelyore relasyon andedan chak lekòl. Sistèm la kreye pou asire chak lekòl gen estaf ki byen antrene epi pare pou apiye tout efò lekòl la va fè pou pwomouvwa sansibilizasyon, ofri trening pou entèkansyon, ak anseye estrateji sou prevansyon, ikonpri estrateji prevansyon vyolans kont manm Konsèy Edikasyon (Board), anplwaye Distri, elèv, ajan, konsiltan, kontraktè, vizitè, volontè, oswa lòt moun nan Distri a, epitou òdone swivi lé gen ensidan yo rapòte ak/oswa ki rive.

### I. DEFINISYON

- A. “Bullying” (zak entimidasyon, nwi, agrese, etc) enkli “*Cyberbullying*” (sibèbullying oswa sibèntimidasyon) vledi fè youn oswa plis manm Konsèy Edikasyon, anplwaye Distri, elèv, ajan, kontraktè, vizitè, volontè oswa lòt moun nan Distri a, soufri nan kò oswa gen detrés sikolojik kote santiman ak emosyon afekte. Yo dekri aksyon bully tou kòm yon konpòtman fizik agresif, konpòtman ekri oswa vèbal endezirab ki enkli jès mennasan, ensiltan, oswa ki pa respekte diyite moun, yon granmoun oswa yon elèv manifeste konpòtman sa, kondwit ki gen ase potansyèl pou kreye yon anviwonman edikatif ki kapab entimidasyon, ostil oswa chokan; oswa lakòz donmaj alontèm; kondwit ki lakòz anbarasman oswa imilyasyon; ki entèfere enjisteman avèk pèfòmans eskolè oswa patisipasyon yon elèv. Konpòtman repetitif-sa-a manifeste souvan avèk yon pouvwa dominan.

Men kèk egzanp zak entimidasyon (bullying) men se pa yo sèlman:

1. Takine, agase
2. Ensiste oswa fòse yon moun izole tèt-li, anpeche li patisipe nan sèten aktivite sosyal (social exclusion)\*
3. Fè mennas
4. Entimidasyon - kraponay
5. Stalking (arase, swiv yon moun souvan avèk move entansyon)

6. Agresyon, vyolans atak fizik (nan kò)
7. Vòl
8. Arasman/pèsekisyon seksyèl, relijye oswa rasyal/etnik
9. Imilyasyon piblik (devan lòt moun) oswa imilyasyon an prive
10. Destriksyon, vandalis, kraze brize pwopriyete, sa ki pou lezòt.

\*Note: Eksklizyon sosyal se lè ou iyore prezans yon moun swa ak ankourajman ak/oswa gwo presyon.

- B.** “Cyberbullying” se sibèentimidasyon, entimidasyon sou Entènèt- se yon zak bullying ki fèt avèk itilizasyon teknoloji oswa avèk nenpòt lòt kominikasyon elektwonik, ki enkli, men san limitasyon, nenpòt transfè siy, siyal, ekriti, imaj, son, done, oswa enfòmasyon kèlkeswa nati-a, ki transmèt, totalman oswa an pati, omwayen elekrisite, lyezon radyo, sistèm elektwomayetik, sistèm fotoelektrik, oswa sistèm fotoelektwonik, sistèm fotooptikal, enkli, san limitasyon, kourye elektwonik, kominikasyon Entènèt, mesaj enstantane, oswa kominikasyon ak faks. Sibèentimidasyon se lè yon moun kreye yon pajweb oswa weblogin kote li itilize idantite yon lòt moun, oswa gen izipasyon idantite konni yon lòt moun (impersonation) pou fè tèt-li pase kòm otè kontni oswa mesaj poste; se yon ka sibèentimidasyon, depi kreyasyon sit-la oswa izipasyon idantite-a koresponn a nenpòt kondisyon enimerè nan definisyon bullying. Sibèentimidasyon se distribisyon yon kominikasyon, selon mwayen elektwonik, bay plis pase yon sèl moun oswa se posting (piblikasyon) materyèl sou yon sipò elektwonik ke yon sèl moun oswa plizyè moun kapab jwenn aksè ladann, si distribisyon oswa posting kreye nenpòt kondisyon karakteristik bullying e ki enimerè nan definisyon bullying (F.S. s. 1006.147).

Note: Sistèm edikatif piblik K-12, kèlkeswa pwopriyete a, konsidere anba responsabilite pa-li, nenpòt konpitè, sistèm konpitè, oswa rezo konpitè ki sitiye fizikman sou pwopriyete lekòl, anrapò ak lekòl, nan pwogram oswa aktivite sou patwonaj lekòl la. Definisyon krim anrapò ak konpitè dapre seksyon lwa F.S. s. 815.03 ak definisyon Cyberstalk dapre seksyon lwa F.S. s. 784.048(1)(d) aplikab pou seksyon sa. Dapre lwa seksyon F.S. s. 810.145, videyo vwayeris, konsidere kòm yon ofans kriminèl, si yo itilize videyo a sou sit entènèt epi gen karakteristik sibèentimidasyon.

- C.** “Harassment” Arasman/pèsekisyon vledi tout jès mennasan, ensiltan oswa degradan, itilizasyon done, teknoloji, lojisye (sofwè), oswa konpòtman ekri, vèbal, oswa agresif, ki dirije kont yon manm Konsèy Edikasyon (Board), anlwaye Distri, elèv, ajan, konsiltan, kontraktè, vizite, volontè, oswa lòt moun nan Distri a, ki:
1. Fè moun nan gen yon laperèz kòm kwa yo kapab fè li mal oswa detwi sa ki pou li, pwopriyete pa li;
  2. Gen pou efè entèfere konsiderableman ak pèfòmans edikasyon yon elèv, oswa pèfòmans travay yon anlwaye, oubyen ak opòtinite oswa avantaj anlwaye oswa elèv ka resevwa;
  3. Ka afekte gravman epi negativman byennèt emosyonèl oswa mantal yon elèv oswa yon anlwaye; oubyen
  4. Ka deranje gravman fonksyonman ak disiplin lekòl la ak/oswa anviwonman travay Distri eskolè a.

- D.** “Cyberstalking”, dapre definisyon nan seksyon F.S. s. 784.048(1)(d), vledi angaje nan yon liy kondwit konstan, pou kominike oswa fè ansòt kominike, mo, imaj, oswa langaj grasa izaj kourye elektwonik oswa kominikasyon elektwonik, yon moun voye bay yon moun anpatikilye oubyen osijè yon moun, mesaj kominike lakòz detrés emosyonèl pou moun lan epi san bon rezon. Definisyon adisyonèl nan seksyon lwa F.S. s. 815.03, aplikab tou.
- E.** “Bullying”, “Sibèentimidasyon,”, “Arasman”, ak “Diskriminasyon” (annapre refere a entimidasyon (bullying) jan sa defini nan Seksyon A, nan kontèks Regleman sa) enkli, men pa limite ak, zak bullying ki komèt, san move entansyon, kont nenpòt manm Konsèy Edikasyon, anplwaye Distri, konsiltan, kontraktè, ajan, vizitè, volontè, elèv oswa lòt moun nan lekòl la oswa andeyò lekòl la, diran evènman sou patwonaj lekòl, nan bis lekòl, oswa nan enstalasyon pou trening/pwogram sou patwonaj Distri a, konsènan karakteristik pèsonèl reyèl oswa pèsepsyon sou: sèks, ras, koulè po, relijyon, nasyonalitye, laj, andikap (nan kò, mantal, oswa edikasyonèl), eta sivil, milye sosyoekonomik, zansèt, etnisite, enfòmasyon jenetik, sèks, idantite seksyèl oswa espresyon seksyèl, preferans lengwistik, konviksyon politik, oryantasyon seksyèl oswa milye sosyal/familyal, oswa gade moun nan kòm diferan nan pwogram edikatif oswa pou admisyon nan pwogram edikatif. *School Board* bay Boy Scouts, Girl Scouts, ak lòt gwoup jenn ki deziye, aksè egal. Pou satisfè egzijans lwa federal, lè zak sa yo poze kont kategori idantifye e pwoteje selon lwa federal, konsilte Policy 4001.1.
1. Revanj kont nenpòt manm Konsèy Edikasyon, anplwaye Distri, elèv, ajan, konsiltan, kontraktè, vizitè, volontè, oswa lòt moun nan Distri a, pou konfime oswa prezime yon zak bullying, arasman, oswa diskriminasyon.
  2. Revanj se lè ou rapòte yon zak entimidasyon (bullying), arasman, oswa diskriminasyon, san prèv, de movèz fwa.
  3. Pèpètye konpòtman/kondwit ki sou lis definisyon bullying, arasman, sibèbullying, arasman ak/oswa diskriminasyon lè yon moun oswa yon gwoup avèk entansyon rabese, diminye, anbarase oswa lakòz yon elèv oubyen yon anplwaye lekòl mal anpil swa nan emosyon-ni swa nan kò-ni paske:
    - a. Gen ankourajman oswa gwo presyon;
    - b. Gen aksè, konsyaman e volontèman, nan founi aksè nan done ak nan sofwe (lojisyèl) konpitè grasa konpitè, sistèm konpitè, oswa rezo konpitè ki fonksyone andedan sistèm Distri eskolè-a;
    - c. Ajisman an gen menm efè ak zak entimidasyon (bullying), sibèbullying (sibèentimidasyon), arasman oswa diskriminasyon.

Note: Pou plis enfòmasyon konsilte Section II Liv Kòd Kondwit pou Elèv.

- F.** “Accused”- Definisyon “Akize” - Akize se nenpòt manm Konsèy Eskolè (Board), anplwaye Distri, elèv, ajan, konsiltan, kontraktè, vizitè, volontè, oswa tout lòt moun nan lekòl la oswa andeyò lekòl la ki patisipe nan evènman ak aktivite sou patwonaj lekòl la, nan bis lekòl, oubyen nan sant fòmasyon/pwogram fòmasyon sou patwonaj Distri a, akize a ta komèt yon zak entimidasyon (bullying) ke lòt moun rapòte.
- G.** “Complainant” – Definisyon “Pleyan” – Pleyan se nenpòt manm Konsèy Eskolè (Board), anplwaye Distri, elèv, ajan, konsiltan, kontraktè, vizitè, volontè, oswa tout lòt moun nan lekòl la oswa andeyò lekòl la ki patisipe nan aktivite ak evènman sou

patwonaj lekòl, nan bis lekòl la, oubyen nan sant fòmasyon/pwogram sou patwonaj Distri a, ki rapòte fòmèlman, yon fason enfòmèl, oswa de fason anonim, yon zak bullying, swa vèbalman, swa pa yon mwayen elektwonik oswa alekri.

- H. “Victim”- Definisyon “Viktim” – Viktim se yon manm Konsèy Eskolè (Board), anplwaye Distri a, elèv, ajan, konsiltan, kontraktè, vizitè, volontè, oswa tout lòt moun nan lekòl la oswa andeyò lekòl la ki patisipe nan evènman ak aktivite sou patwonaj lekòl la, nan bis lekòl, nan sant fòmasyon/pwogram sou patwonaj Distri a, yo rapòte moun sa viktim yon zak entimidasyon (bullying).

## II. ATANT

- A. Broward County School District (Distri eskolè Broward County) atann aske manm Konsèy Eskolè, anplwaye Distri a, elèv, ajan, konsiltan, kontraktè, vizitè, volontè, oswa lòt moun kondwi tèt-yo selon nivo devlopman yo, matirite ak abilite yo nan respekte demannye apwopriye dwa ak byennèt lòt moun, etandone bi edikasyon alabaz tout aktivite eskolè, antretyen enstalasyon epi ekipman eskolè.
- B. Distri eskolè a entèdi zak entimidasyon/bullying:
1. Pandan pwogram oswa aktivite edikasyonèl SBBC òganize;
  2. Pandan nenpòt pwogram oswa aktivite anrapò ak lekòl la oswa sou patwonaj lekòl la oubyen nan bis lekòl SBBC;
  3. Omwayen izaj teknoloji/konpitè lekòl la, ki se itilize nenpòt aparèy elektwonik, done, oswa lojisyèl (sofwè) konpitè, lè yon elèv anndan lekòl oswa nan bis eskolè SBBC, elèv ka jwenn aksè nan yon konpitè, sistèm konpitè, oswa rezo konpitè SBBC. Lè yon ensidan ki enplike konpitè rive, anplasman fizik konpitè oswa moman aksè nan konpitè pap kapab diskite kòm yon mwayen defans kont aksyon disiplinè inisyè anba seksyon sa. Yo dwe swiv direktiv izaj teknoloji konfòmman ak direktiv pou izaj medya sosyo nan Distri a/*District’s Social Media Use Guidelines*, Izaj teknoloji Regleman 5306/*Technology Usage Policy 5306*, Acceptable Use Policy (AUP), Lwa Federal ak Lwa Leta, Kòd etik pou edikatè, prensip kondwit pwofesyonèl pou pwofesyon edikasyon nan Florid/*Educator Code of Ethics, the Principles of Professional Conduct for the Education Profession in Florida*, ak lòt direktiv (policies) ki aplikab.
  4. Avèk menas, ki itilize metòd ak mwayen teknolojik ki site anwo a nan bi egzekite menas la nan lekòl la menm. Sa enkli menas ki fèt andeyò lè lekòl fonksyone, alòske vrè bi se egzekite menas la pandan pwogram oswa aktivite anrapò ak lekòl, sou patwonaj lekòl la, oswa nan bis lekòl SBBC.
  5. Distri a pap responsab pou ensidan ki rive nan yon estasyon bis oswa sou wout trajè aleritou ant lakay ak lekòl. Sepandan, yon elèv oswa temwen ka pote plent si li swiv menm pwosedi pou zak entimidasyon (bullying) epi lekòl la va envestige ak/oswa founi asistans ak entèvansyon si Direktè lekòl/Envestigatè deziye anchaj ankèt administratif jije sa apwopriye, lekòl la va mande epi itilize sèvis, Polis resous lekòl la (School Resource Officer). Direktè lekòl/Envestigatè deziye anchaj ankèt administratif va itilize sistèm pou fè rapò nan Distri a nan bi note tout rapò, envestigasyon, ak entèvansyon.
  6. Alòske ensidan entimidasyon (bullying) ka pase andeyò kanpis, epi sa pap lakòz menas zak egzekite lè lekòl fonksyone, petèt pat gen oken rapò ak izaj konpitè/teknoloji lekòl la, souvan envestigasyon ka detèmine zak bullying

entèfere demannye siyifikatif avèk abilte oswa limite abilte viktim la pou li patisipe oswa benefisye de sèvis, aktivite, oswa opòtinite lekòl la ofri, oubyen deranje pwosesis edikasyon oswa disiplin lekòl la.

7. Seksyon anwo pa ekzije pou yon lekòl founi manm pesonèl oswa siveye aktivite, fonksyon, oswa pwogram ki pa gen oken rapò ak lekòl la.
- C.** Tout administratè ak estaf, an kolaborasyon avèk paran/gadyen legal, elèv, volontè, ak manm kominote a va ankòpore metòd sistemik pou rekonesans elèv ak estaf atravè aplikasyon metòd ranfòsman pozitif pou bon kondwit, disiplin tèt li, bon sitwayen, ak siksè akademik, jan sa endike nan Plan konpòtman pozitif nan tout lekòl/*School-wide Positive Behavior Plan*. Plan an obligatwa; li abòde kesyon kilti pozitif nan lekòl ak konpòtman pozitif. Lekòl yo dwe kolabore ak Ekip entèvansyon & sipò pou kondwit pozitif (PBIS) epi Ekip kolaborasyon pou rezolisyon pwoblèm [*Positive Behavior Interventions & Support (PBIS) Team and Collaborative Problem-Solving Team (CPST)*] pou adrese kesyon prevansyon vyolans bullying epi ankòpore estrateji Repons a entèvansyon [*Response to Intervention (RtI)*], lè li itilize entèvansyon sistèm sipò plizyè nivo [*Multi-Tiered Systems of Support (MTSS)*]. Lekòl yo va itilize sistèm enfòmasyon sipò akademik ak konpòtman [*Behavior Academic Support Information System (BASIS)*] pou kolekte done elèv, saldeklas, ak done lekòl nan bi reyalize tach sa yo.
- D.** Dwa elèv, sanksyon disiplinè, ak pwosedi apèl esplike selon gran liy ki dekri nan direktiv sa (policy) ak nan Liv Kòd Kondwit pou Elèv pou konfòme ak nòm rezonab konpòtman sosyal ki aseptab, respekte moun, pwopriete ak byen, ak dwa lezòt, obeyi otorite konstitiye, epi obeyi moun ki an pozisyon egzèsè otorite a. Lyen sa pèmèt aksè nan Liv Kòd Kondwit pou Elèv: [browardschools.com/codeofconduct](http://browardschools.com/codeofconduct).
- E.** Lekòl la dwe pran mezi prevansyon ak entèvansyon apwopriye baze sou nivo gravite enfrazyon jan sa esplike nan Liv Kòd Kondwit pou Elèv, Plan Disiplin, ak Direktiv (Policy) sa.

### III. RESPONSABILITE PATISIPAN KI ENTERESE

- A.** *Student Services' Diversity & School Climate (D&SC) Department/Depatman Sèvis Elèv Divèsite & Klima Eskolè*, pwofesyonèl depatman an, an kolaborasyon ak lòt depatman Distri a, va kreye pwogram fòmasyon ak trening pou tout manm estaf, envestigatè deziye, lyezon prevansyon, elèv, paran/gadyen legal, konsiltan, kontraktè, ajan, volontè, vandè, vizitè, ak manm kominote ki enterese. Pwogram fòmasyon va fokis sou Direktiv (Policy) sa epi pwosedi ki asosye pou pwomote siksè akademik, amelyore rezilyans, ranfòse atou devlopman elèv yo bezwen pou reyisi epitou pwomouvwa faktè pwoteksyon. Tout pwogram fòmasyon ak trening va pèmèt devlope nan chak lekòl ak nan Distri a yon klima ak milye ki favorize sekirite ak respè timoun epitou konviksyon granmoun la epi disponib pou pwoteje epi ede timoun yo. Diplis, elèv ak estaf (enkli, men pa limite ak, anplwaye lekòl la, administratè, pèsonel Distri, estaf konseye oryantasyon, ak chofè bis) va aprann teknik, resevwa trening ak zouti ki nesèsè pou kreye yon bon fondasyon pou prevni, idantifye, envestige, ak entèvni lè gen pwoblèm bullying (entimidasyon, agresyon, brimad, etc) ki souleve.

**B. Chak direktè/direktris lekòl va:**

1. Deziye yon lyezon prevansyon (Prevention Liaison) ki va aji kòm kontak D&SC epi ki va difize/distribye resous ki anrapò ak prevansyon. Anplwaye deziye se pèsonèl enpòtan nan lekòl la, ki, chak ane, va patisipe nan pwogram fòmasyon ak trening D&SC epitou yo va resevwa resous prevansyon ak entèvansyon ki anrapò ak zak bullying/sibèentimidasyon epitou trening-yo ap enfòmè yo sou lòt kesyon prevansyon ki afekte kilti lekòl, sekirite, ak byennèt elèv epi estaf. Lyezon prevansyon va fè pati ekip eskolè anchaj prevansyon ak direktiv anrapò ak efò ki dwe adrese zak vyolans ak sekirite lekòl. Si lekòl la poko fòmè yon ekip, lyezon prevansyon va kreye youn. Pou pi piti, ekip la dwe fòmè avèk manm estaf administrasyon, konseye oryantasyon (guidance) epi manm estaf enstriksyon.
2. Nonmen youn oswa plizyè investigatè deziye, ki se administratè epi yo se sèl anplwaye, apa direktè/tris lekòl la, ki va resevwa ka plent (konplent) kont zak bullying (entimidasyon)/arasman. Chak investigatè deziye va konplete chak ane pwogram fòmasyon ak trening. Asire kourikoulòm prevansyon bazik inivèsèl anplas kòm fondasyon yon kilti sante, byennèt, sekirite, respè ak ekselans.
3. Enplimante direktiv sa kont zak bullying ak arasman, nan fason ki rekonmande, kontinyèlman diran ane eskolè a, entegre direktiv nan kourikoulòm lekòl la epitou nan pwogram ak efò prevansyon bullying ak vyolans epi mete an plas entèvansyon.

**C. Resous Kominotè: Pwofesyonèl k'ap travay nan Sèvis pou Elèv, an kolaborasyon ak lòt depatman Distri a, va fòmè divès patisipan ki soti nan kominote a menm (òganizasyon pou pwofi, ki pa pou pwofi, ajans ranfòsman lalwa onivo Lokal, Konte ak Leta, epi òganizasyon relijye) nan bi sipòte, difize epi distribye bay elèv, fanmi yo, ak estaf lekòl, kourikoulòm ak materyèl pedagojik sou prevansyon vyolans. Kolaborasyon an va pèmèt itilize yon fason efikas resous ki disponib nan Distri a ak nan kominote a anmenmtan founi, san pwoblèm, sèvis, kote chak lekòl ak elèv resevwa yon fòmasyon bazik ekitab kont prevansyon vyolans.**

**D. Entèvansyon ak Kourikoulòm Baze sou Evidans: Manm estaf k'ap travay nan Sèvis Elèv D&SC va sèvi kòm kowòdinatè epi enstriktè pwogram prevansyon pou tout estaf lekòl ki deziye epi ak ajans ekstèn/patnè kominotè. Anplwaye ki fòmè nan kesyon prevansyon (egzanp, lyezon prevansyon, estaf D&SC, ak patnè kominotè) apresa va kolabore kòm “patnè prevansyon vyolans” pou kreye yon lis pwogram prevansyon ak entèvansyon kont zak entimidasyon (bullying), Distri a apwouve. Lis ki apwouve enkli entèvansyon baze sou evidans, kourikoulòm, ak pwogram ki bay bon rezilta, ke yo va itilize nan lekòl yo, lis la va enfòmè sou jan pou idantifye, prevni, ak entèvni lè zak entimidasyon (bullying) poze, epi edike jan pou rekonèt konpòtman ki ka mennen a zak bullying epitou pran mezi prevansyon ki apwopriye baze sou obsèvasyon; elèv, paran/gadyen legal, pwofesè, administratè lekòl, estaf counseling, ak volontè lekòl ka benefisyè de ansèyman an. Sèvis Elèv D&SC va ofri asistans pou apiye efò prevansyon epitou ofri pwogram baze sou evidans pouvi gen finansman ki disponib.**

**E. Patipasyon ak Patenarya Paran/Gadyen Legal: Pwofesyonèl k'ap travay nan Sèvis Elèv D&SC, an kolaborasyon ak lòt depatman Distri a, va founi opòtinite epi ankouraje paran/gadyen legal patisipe nan efò prevansyon avèk pitit yo, yon fason**

siyifikatif epi enpòtan, ki adrese epi reponn a bezwen akademik, sosyal-emosyonèl, epi sante pitit yo. Distri a va ofri paran/gadyen legal ak asosiyasyon paran/gadyen legal, trening sou prevansyon vyolans ensike enfòmasyon ak/oswa opòtinite patisipe nan nenpòt inisyativ prevansyon vyolans, ki ankou epi k'ap dewoule nan lekòl yo, nan sitweb [browardschools.com/anti-bullying](http://browardschools.com/anti-bullying), open houses (vizit lekòl ak oryantasyon), sitweb lekòl, epi newsletters (bilten nouvèl). Trening sa yo va founi resous ak sipò pou paran/gadyen legal, konekte yo ak sipò entèn epitou ba-yo referal pou resous kominotè, lè sa nesesè.

- F.** Evalyasyon Efikasite Sèvis: Evalyasyon pou detèmine efikasite ak efisyans sèvis ki founi va fèt chak twazan (3) epi va enkli rezilta baze sou done. Rezilta yo va sèvi pou pote modifikasyon nan trening, kourikoulòm, ak pwogram.
- G.** Responsablite: Sipèrentandan, administratè lekòl ak Distri a, pataje responsablite enplimantasyon sèvis sipò pou elèv konfòmeman ak nòm direktiv sa (policy). Administratè yo va pran tout mezi nesesè pou asire sèvis sipò pou elèv toutafè entegre nan konpozan pedagogik chak lekòl epi sèvis yo kontinye avèk menm efò konsistan nan mizanplas politik ak pratik.

#### IV. TRENING/PWOGRAM FÒMASYON

- A.** Chak ane, yo va òganize trening pou elèv, paran/gadyen legal, pwofesè, estaf Distri, administratè lekòl, ak estaf sipò pou elèv, estaf counseling (konseye oryantasyon), chofè bis, Ofisye Resous Polis/Ranplasan, kontraktè, volontè nan lekòl; trening yo va ensiste sou idantifye, prevni, ak entèvni lè gen yon zak entimidasyon (bullying) ki poze. Ou ka jwenn tout trening yo sou sit [browardschools.com/anti-bullying](http://browardschools.com/anti-bullying). Okonmansman chak ane eskolè, direktè lekòl/reprezantan li ak/oswa administratè Distri ki deziye, va mete an plas:
  1. Trening direktiv sa rekonmande, ki foki sou pwosedi pou rapòte ensidan, sou investigasyon, epi ki atire patikilyèman elèv, estaf lekòl, paran/gadyen legal, oswa lòt moun anchaj byennèt yon elèv, epi
  2. Referans apwopriye osijè direktiv la esplike nan Liv Kòd Kondwit pou Elèv, Manyèl pou Elèv, sitweb lekòl, ak/oswa atravè lòt mwayen rezonnab.

#### V. KOUMAN POU RAPÒTE YON ZAK ENTIMIDASYON (BULLYING)

- A.** Nan chak lekòl, direktè/tris lekòl oswa investigatè deziye anchaj ankèt administratif responsab resevwa plent/konplent vèbal, elektwonik, oswa alekri, ki prezime vyolasyon règ direktiv sa epitou li responsab resevwa vyolasyon règ enfraksyon posib, esplike nan Liv Kòd Kondwit pou Elèv.
- B.** Elèv yo ka pote plent kont zak entimidasyon (bullying) bokote nenpòt anplwaye Distri a oswa lekòl la. Paran/gadyen legal, nan non elèv la, ka pote plent devan direktè/tris lekòl/Investigatè deziye anchaj ankèt administratif oubyen administratè apwopriye nan Distri a, swa vèbalman, alekri, oswa selon yon mwayen elektwonik, oubyen itilize Fòm rapò konplent kont zak entimidasyon Lekòl Piblik Broward County (*Broward County Public Schools Bullying Complaint Report Form*). Fòm sa disponib sou sitweb Distri a [browardschools.com/anti-bullying](http://browardschools.com/anti-bullying), oswa nan biwo akèy administrasyon chak lekòl.

- C.** Tout anplwaye lekòl ak Distri a blije rapòte alekri oswa selon yon mwayen elektwonik, si li resevwa plent akizasyon zak bullying oswa vyolasyon règ ki sispekte dapre Direktiv sa, epi ki enplike elèv. Se direktè lekòl/Envestigatè deziye anchaj ankèt administratif oswa administratè apwopriye nan Distri a ki dwe resevwa rapò a. Si yon anplwaye pa rapòte akizasyon sa ka lakòz yon aksyon (oswa plizyè aksyon) oswa yo ka disipline li, konfòmman ak dispozisyon kontra kolektif, anplwa tèmine posib (SBBC Policy 2410). Nou ankouraje avèk fòs anplwaye Distri oswa anplwaye lekòl ki sispèk zak entimidasyon (bullying) ant de adilt, dwe rapòte preyokipasyon li bay administratè Distri a oswa lekòl la.
- D.** Nenpòt manm kominote lekòl ki gen enfòmasyon kredib sou yon zak entimidasyon (bullying) ki te poze, dwe rapòte zak bullying, depreferans bokote administratè Distri a oswa administratè lekòl.
- E.** Nenpòt elèv (ak/oswa paran/gadyen legal nan non pleyan elèv la si li minè) ki kwè li viktim yon zak entimidasyon/*bullying* (oswa nenpòt moun, nenpòt elèv ki okouran ensidan (oswa plizyè ensidan) ki enplike entimide elèv), nou ankouraje elèv la rapòte ensidan (plis ensidan) devan yon administratè lekòl la. Soumèt/depoze plent ositoke posib apre prezime ensidan an epi antre plent la nan sistèm jesyon plent bullying [*Bullying Management System (BMS)*], soumèt/depoze plent lan nan katrevendis (90) jou lekòl/travay apre dènye zak bullying prezime. Si bòkote viktim la, li pa inisye plent la nan peryòd tan sa, yo ka konsidere plent la abandone. Pou kategori pwoteje ki kouvri anba Policy 4001.1, yon delè diferan aplikab.
- F.** Direktè/direktris chak lekòl nan Distri a dwe kreye epi mete an evidans piblisite pou enfòmman manm Konsèy eskolè, anplwaye Distri, elèv, ajan, konsiltan, kontraktè, vizitè, volontè, oswa tout lòt moun nan Distri a sou jan pou rapòte yon zak entimidasyon (bullying) epi ki aksyon yo ka pran. Rapò plent zak entimidasyon ka fèt swa oralman, selon yon mwayen elektwonik, oswa alekri, oubyen anonim (san ou pa bay non ou).
- G.** Manm Konsèy eskolè, anplwaye Distri, elèv, ajan, konsiltan, kontraktè, vizitè, volontè, oswa lòt moun nan Distri a ki rapòte byen vit, an tout bonn fwa, yon zak entimidasyon (bullying) bòkote yon direktè lekòl/Envestigatè deziye anchaj ankèt administratif, epi moun lan fè rapò sa konfòmman ak pwosedi ki esplike nan Regleman (Policy) sa, alabri de tout kòz dakasyon pou donmaj ki derive de rapò a, oubyen de tout sitiyasyon kote ensidan ki te siyale pa rezoud. Si pleyan oswa rapòtè a soumèt, an tout bonn fwa, yon plent oswa fè yon rapò sou zak entimidasyon (bullying) sa pap afekte anplwa fiti, nòt, anviwonman aprantisaj oswa milye travay ak tach li, andedan SBBC.
- H.** Direktè lekòl/Envestigatè deziye anchaj ankèt administratif dwe dokimante nan BMS tout plent/konplent konsènan zak entimidasyon (bullying) pou asire pwoblèm yo trete nan yon delè rezonnab, kit rapò a fèt vèbalman, selon yon mwayen elektwonik, oswa alekri. Administratè Distri a dwe dokimante rapò yo epi konsève tout dokimantasyon envestigasyon.



- I. Pou rapòte plent/konplent yon fason anonim, itilize youn nan metòd ki esplike sou sit entènèt [browardshools.com/securitytips](http://browardshools.com/securitytips).

## VI. KONPLENT AK REZOLISYON ZAK ENTIMIDASYON (BULLYING)

- A. Envestigasyon sou zak bullying, arasman, oswa arasman seksyèl, ke moun rapòte, konsidere kòm yon aktivite lye ak lekòl la epi konmanse avèk zak ki siyale nan rapò a. Ensidan ki ekzije yon investigasyon lè rapò a rive devan ofisyèl lekòl la, dwe enkli ensidan prezime zak bullying, arasman, oswa arasman seksyèl, ki te komèt kont yon timoun pandan timoun nan swa ap patisipe nan yon evènman sou patwonaj lekòl, itilize teknoloji apwopriye lekòl la, swa timoun nan te nan wout pou lal lekòl, abò yon bis lekòl oswa ap kanpe tann nan estasyon bis eskolè.
- B. Direktè lekòl la/envestigatè deziye anchaj ankèt administratif se sèl moun nan lekòl la ki dwe reseswa, envestige, epi dokimante tout konplent alekri epi atravè sistèm jesyon BMS asire yo trete pwoblèm yo nan yon tan rezonab. Swiv menm pwosedi pou tout konplent ki fèt de fason anonim. Alòske Regleman (Policy) sa ankouraje tout elèv itilize pwosedi pote plent fòmèl alekri, Envestigatè deziye “ta dwe envestige tout konplent ak rapò arasman, kit se plent alekri ou non,” selon deklarasyon Ofis dwa sivil pou pwoteje elèv de arasman ak krim rayisab: *Yon Gid pou Lekòl, Pati II (1999)/Office for Civil Rights in Protecting Students from Harassment and Hate Crime: A Guide for Schools, Part II (1999)*.
- C. Administratè Distri a dwe resevwa epi envestige tout konplent ki fèt alekri kont zak bullying oswa arasman konsènan anplwaye Distri a.
- D. Si plent la konsène direktè/direktris lekòl oswa yon sipèvizè dirèk yon manm estaf Distri a, alò yo va mande sipèvizè akize a envestige konplent la.
- E. Direktè/direktris lekòl/Envestigatè deziye, oswa administratè apwopriye nan Distri a, ki pran trening, va detèmine si yon zak entimidasyon (bullying) ki siyale, tonbe nan kad responsablite ak konpetans Distri a.
1. Si Distri a konpetan pou egzamine plent la, direktè lekòl/Envestigatè deziye anchaj ankèt administratif oswa administratè apwopriye Distri a, va swiv pwosedi envestigasyon ki esplike nan regleman sa (policy).
  2. Si Distri a pa konpetan pou egzamine plent la, epi yo detèmine se yon zak prezime kriminèl, refere ka a bay lapolis/ajans ranfòsman lalwa, founi tout entèvansyon ki nesèsè, epi dokimante selon Regleman an.
  3. Si Distri a pa konpetan pou egzamine plent la, epi yo detèmine zak la pa kriminèl, yo va enfòmè tout paran/gadyen legal, elèv ki enplike, founi entèvansyon ki apwopriye, epi dokimante selon Regleman an (Policy).
- F. Rezolisyon Fòmèl: Yo trete tout konplent kòm Fòmèl, sòf si administratè a, ansanm ak prezime viktim epi elèv akize, dakò, alekri, pou de fason enfòmèl, rezoud oswa jwenn yon solisyon apwopriye pou konplent la.

- G. Tout entèvyou avèk prezime viktim, akize, epi temwen dwe fèt an prive, separeman, epi rete konfidansyèl. Nan okenn moman, yo dwe entewòje ansanm akize ak prezime viktim.
- H. Rezolisyon Enfòmèl: Prezime viktim ak elèv akize ka mande yon Rezolisyon Enfòmèl men demann lan dwe fèt alekri. Ensidan an ak demann ekri dwe byen dokimante epi telechaje yo nan sistèm jesyon BMS. Tanpri note rezilta investigasyon oswa detèminasyon (desizyon final) pou zak bullying pap fèt pandan pwosedi Rezolisyon Enfòmèl. Si pita Rezolisyon Enfòmèl echwe, Rezolisyon Fòmèl dwe konmanse imedyatman.
- I. Rezolisyon, tout entèvyou, entèvansyon, konklizyon ak rezilta ankèt, dokiman, ak dat korespondan dwe byen dokimante epi telechaje yo nan sistèm jesyon BMS.

## VII. KONDISYON EGZIJIB NAN SITIYASYON ENVESTIGASYON POU ZAK BULLYING KI RAPÒTE

- A. Se direktè/direktris lekòl/Investigatè deziye anchaj ankèt administratif, ki responsab mennen pwosedi ankèt sou zak entimidasyon, agresyon, etc.(bullying), arasman oswa arasman seksyèl, ki pase nan lekòl la, nan sitiyasyon bullying ant de elèv. Chak ane, Direktè lekòl/Investigatè deziye anchaj ankèt administratif dwe swiv trening sou pwosedi investigasyon ak entèvansyon, jan sa dekri nan Regleman sa (Policy). Pou ensidan ki pase nan distri a, oswa ensidan bullying ant de adilt nan lekòl la, administratè apwopriye va responsab envestige jan sa dekri nan direktiv sa epi ankèt la va fèt anmenmtan, anplis, konsidere tout pwosedi apwouve pou disipline estaf. Yo va refere ka manm estaf yo akize de arasman seksyèl nan departman *Broward County Public Schools Equal Educational Opportunities/ADA Compliance Department*. Chak ane, tout administratè Distri a ki gen otorite sipèvize epi pran mezi disiplinè dwe swiv trening pou envestigatè deziye/*Investigative Designee Training*.
- B. Direktè/direktris lekòl/Investigatè anchaj ankèt administratif oubyen envestigatè administratè nan Distri a pap yon akize oswa prezime viktim.
- C. Departman Edikasyon Florid ekzije administratè lekòl la voye yon notifikasyon bay paran/gadyen legal, nan vennkatrè (24è) apre yo resevwa konplent la, pou enfòmè alafwa paran prezime viktim ak akize de plent zak entimidasyon (bullying) oswa arasman. Administratè yo va voye pa lapòs fòm notifikasyon (disponib nan BMS ak/oswa DMS SharePoint) epi va fè tout efò rezonab pou kontakte paran/gadyen legal, swa nan imel ak/oswa rele paran nan telefòn.
  1. Lekòl la va voye pa lapos bay paran/gadyen legal, prezime viktim, yon kopi orijinal fòm notifikasyon bous *Hope/Hope Scholarship Notification Form*.
  2. Lekòl la va voye pa lapos bay paran/gadyen legal, elèv akize, lèt notifikasyon inisyal pou akize/*Accused Initial Notification Letter*.
- D. Direktè/Investigatè deziye anchaj ankèt administratif oswa administratè apwopriye nan Distri a va konmanse yon envestigasyon apwonfondi, entèvyouve prezime viktim ak akize nan de (2) jou lekòl/travay apre lekòl la resevwa notifikasyon konplent la.

- E. Pandan investigasyon an, direktè lekòl/Envestigatè deziye anchaj ankèt administratif oswa administratè Distri a ka pran tout mezi nesèsè pou pwoteje pleyan an, prezime viktim, lòt elèv, oswa anplwaye konfòmeman ak egzijans regilasyon ak lwa an vigè, ki aplikab.
1. Tout entèvyou avèk prezime viktim, akize, epi temwen dwe fèt an prive, separeman, epi byen dokimante. Pandan entèvyou, resevwa deklarasyon ekri, siyen. Yo pa dwe entèvyouve ansanm akize ak prezime viktim. Pa angaje konfli medyasyon avèk gwoup elèv, esepite si toude pati yo mande medyasyon alekri.
  2. Nan mezi sa posib, nan oken moman diran investigasyon an, investigatè a pa dwe divilge non pleyan an.
  3. Envestigatè va kolekte epi evalye tout fè reyèl, enkli men pa limite ak:
    - a. Deskripsyon ensidan (plizyè ensidan) ikonpri nati kondwit, kontèks yon ensidan oswa plizyè ensidan prezime rive, etc.;
    - b. Konben fwa kondwit la manifeste epi rive;
    - c. Si te gen ensidan anvan oswa konpòtman repetitif anvan;
    - d. Relasyon ant pati ki enplike;
    - e. Karakteristik pati ki enplike (vledi ki klas yap fè, laj, etc.);
    - f. Idantite ak kantite moun ki te patisipe oswa te temwen zak bullying prezime oswa konpòtman arasman sa;
    - g. Ki kote yon ensidan (plizyè ensidan) prezime te rive;
    - h. Si konpòtman an te afekte negativman edikasyon elèv la oswa anviwonman edikatif;
    - i. Si prezime viktim te santi oswa pèsevwa yon pouvwa dominan alaswit ensidan ki rapòte a; epi
    - j. Dat, akilè, epi fason lekòl la te kontakte paran/gadyen legal, tout pati ki enplike.
  4. Anjeneral, elèv pleyan ak/oswa prezime viktim va kontinye frekante menm lekòl la epi pouswiv etid yo jan sa prevwa pandanke investigasyon an ap fèt, epi annatandan rezolisyon konplent la. Tribinal ki rann yon òdonans legal aseptab.
  5. Lè sa nesèsè pou mennen investigasyon oswa pou lòt rezon valab, epi konfòmeman ak lwa federal epi lwa leta sou pwoteksyon lavi prive, direktè lekòl/Envestigatè deziye anchaj ankèt administratif oswa direktè apwopriye Distri a kapab diskite konplent la avèk nenpòt anplwaye Distri a, paran/gadyen legal prezime viktim, paran/gadyen legal pleyan oubyen akize si youn oswa toulede minè (oswa bay konsantman li oswa si se yon adilt yo jije enkonpetan oswa li pap kapab bay konsantman enfòmè poutèt yon andikap), ka diskite plent la tou avèk/oswa ajans pwoteksyon anfans ki responsab envestige abi timoun.
  6. Pandan investigasyon an si yon anplwaye se akize a, direktè lekòl/Envestigatè deziye anchaj ankèt administratif oswa administratè apwopriye nan Distri a ka rekonmande yo pran tout mezi nesèsè pou pwoteje pleyan, prezime viktim, lòt elèv oswa anplwaye, konfòmeman avèk kondisyon ekzijib lwa aplikab, Regleman State Board of Education (Konsèy edikasyon Leta), Direktiv School Board, ak kontra kolektif anplwaye.
  7. Yo va notifiye byen vit paran/gadyen legal, lè lekòl la pran yon seri mezi pou pwoteje elèv la. Notifikasyon sa va fèt alekri, nan telefòn, oswa nan yon reyinyon/konferans endividyèl epi prive. Frekans notifikasyon va depann de gravite ensidan zak bullying, men omwen, lekòl la va fè efò rezonab pou kontakte paran/gadyen legal chak de jou diran investigasyon an.

8. Lekòl la va asepte epi envestige tout plent sibèntimidasyon (cyberbullying). Konpitè san sofwè ki filtre kontni web oubyen konpitè avèk sofwè ki filtre kontni web, dwe dezaktive lè n'ap envestige konplent sibèntimidasyon. Pandan envestigasyon an, Direktè lekòl/Envestigatè deziye anchaj ankèt administratif va decide si zak prezime ki komèt antre nan kad responsablite Distri a; li va evalye si zak sibèntimidasyon an satisfè kritè antrave sibstansyèlman abilite lekòl la pou founi yon edikasyon, oswa abilite elèv la pou li resevwa yon edikasyon. Si se ni youn ni lòt, lekòl la va voye referal bay jiridiksyon ki apwopriye.
- F. Nan kenz (15) jou lekòl/travay apre yo resevwa plent la, direktè lekòl/envestigatè deziye anchaj ankèt administratif oswa administratè Distri a va pran yon desizyon baze sou rezilta envestigasyon, kòm kwa valide akizasyon ki nan plent la epi pou bezwen mezi korektif, si aplikab, konfòmman ak Plan Disiplin (Discipline Matrix). Yo va alète nan yon notifikasyon imedyat Inite espesyal envestigasyon Lekòl Broward/*Broward Schools Special Investigative Unit (SIU)* ak tout ajans lokal kote yo ka pouswiv enkilpasyon kriminel kont otè zak entimidasyon (bullying), arasman, oswa arasman seksyèl, si sa apwopriye.
- G. Direktè lekòl/Envestigatè deziye anchaj ankèt administrativ oswa administratè apwopriye nan Distri a va antre konklizyon ankèt epi telechaje tout dokiman envestigasyon nan BMS, fè tout efò rezonab pou kontakte paran/gadyen legal, pou pataje rezilta envestigasyon an, dokimante tout efò pou kontakte paran, apres a enfòm alekri tout akize ak prezime viktim de desizyon an epitou dwa yo pou fè apèl. Nou va voye pa lapos lèt notifikasyon, nan kenz (15) jou, apre nou resevwa plent la epi tout notifikasyon disponib nan BMS ak/oswa DMS SharePoint. Lekòl dorijin va resevwa yon kopi desizyon an epi desizyon an va disponib nan tout sistèm swivi done enpòtan, enkli, men pa limite ak, BMS, Rapò ensidan sou sekirite nan anviwonman lekòl Florid/*Florida's School Environmental Safety Incident Report (SESIR)* epi rapò leta sistèm done disiplin ak sekirite nan lekòl/*Statewide Report on School Safety and Discipline Data system*.
- H. Si akize a se yon anplwaye, yo ka pran mezi disiplinè, konfòmman ak dispozisyon aplikab akò kontra kolektif (Policy 4.9, Employee Disciplinary Guidelines – Direktiv pou discipline anplwaye). Sipèvizè/Envestigatè deziye/direktè lekòl/administratè nan Distri a ki sipèvize anplwaye a, va diskite desizyon final (detèminasyon) ak aksyon korektif ki rekonmande.
- I. Yo pap tolere okenn moun fè revanj kont yon moun ki soumèt yon plent kont zak bullying ki te poze epi si tire revanj rive toutbonvre, yo va konsidere plent la kòm yon zak bullying adisyonèl selon dispozisyon Direktiv (Policy) sa.

## VIII. SANKSYON DISIPLINÈ (KONSEKANS) POU MOUN KI KÒMÈT YON ZAK BULLYING ANBA REGLEMAN SA (POLICY)

- A. Detèmine si yon aksyon oswa yon ensidan anpatikilye konstitye yon vyolasyon regleman ak direktiv sa, egzije yon desizyon final (detèminasyon) baze sou tout fè ak sikonstans ki antoure ensidan an, answit detèmine ki sanksyon disiplinè ki apwopriye pou otè zak la, selon pozisyon li nan Distri a. Anplasman fizik oswa

moman aksè nan konpitè lè yon ensidan te pase pap ka diskite kòm mwayen defans nan okenn aksyon disiplinè ki te inisyè.

1. Konsekans ak entèvansyon apwopriye aplikab nan ka elèv ki komèt zak entimidasyon (bullying) ki esplike nan Liv Kòd Kondwit pou Elèv, Plan Disiplin (Discipline Matrix), ak Regleman (Policy) sa.
  - a. Yo va pran tout mezi nesèsè pou pwoteje viktim la kont plis vyolasyon regleman sa, epi enkli, men pa limite ak, mande otè zak bullying la ale nan yon lekòl diferan; pakonsekan li dwe evite lekòl kote ensidan an te pase. Se sèl Sipèntandan/deziye li ki ka apwouve transfè nan yon lòt lekòl. Nan ka sa, Distri a va bay transpòtasyon.
  - b. Prezime viktim ki benefisye bous detid Hope Scholarship va resevwa alokasyon. Ranpli aplikasyon pou ou resevwa montan alokasyon. Distri a pap bay transpòtasyon.
2. Nou ka jwenn enfòmasyon sou konsekans ak entèvansyon apwopriye ki aplikab nan ka yon anplwaye lekòl/Distri a ki komèt yon zak bullying, esplike nan regleman ak direktiv Distri a, pwosedi, ak kontra kolektif. Diplis, edikatè sètifye ki komèt zak bullying sa ka lakòz sanksyon kont sètifika leta emèt nan non ekidatè a (Rule 6B-1.006 F.A.C.). Aksyon korektif fòmèl pap ka baze sèlman sou yon rapò anonim.
3. Pou konsekans ak entèvansyon ki apwopriye nan ka yon vizitè, volontè, oswa paran/gadyen legal ki komèt yon zak bullying se sèl direktè lekòl la ki va pran yon desizyon apre li egzamine nati ak sikonstans ki antoure zak bullying la, ikonpri rapò li va voye bay lapolis/ajans ranfòsman lalwa.
4. Menm aksyon aplikab pou tout pati yo rekonèt ki fè akizasyon enjistifye e entansyonèl sou lòt moun kòm mwayen pou entimide/poze yon zak bullying.

## IX. REFERAL POU ENTÈVANSYON

- A. Kòm sadwa, lè yo disipline yon elèv pou zak entimidasyon (bullying), arasman, oswa arasman seksyèl, direktè lekòl/Envestigatè deziye anchaj ankèt administratif, dwe refere ka elèv la bay ekip kolaborasyon pou rezoud pwoblèm/ *Collaborative Problem-Solving Team* (oswa ekivalan ekip eskolè avèk fokus sou rezolisyon pwoblèm) pou sèvis sante mantal, sipò, ak entèvansyon, lè sa nesèsè. Menm kote referal la fèt, notifye paran/gadyen legal. Sa obligatwa. Nenpòt lè, paran/gadyen ka mande yo refere pitit li bay ekip kolaborasyon pou rezoud pwoblèm/ *Collaborative Problem-Solving Team* pou detèmine ki sèvis ki apwopriye.
- B. Ekip kolaborasyon pou rezoud pwoblèm va detèmine entèvansyon ak asistans ki nesèsè nan lekòl la, enkli, men pa limite ak, sèvis sa yo:
  1. Sèvis sante mantal ak sipò pou adrese bezwen prezime viktim de yon zak entimidasyon (bullying).
  2. Sèvis sante mantal ak sipò pou adrese bezwen yon temwen.
  3. Sèvis sante mantal ak sipò pou adrese bezwen yon elèv akize de zak entimidasyon (bullying) (ekzanp, trening senpati anvè lezòt, jere kolè).
  4. Entèvansyon avèk asistans epi sipò paran ka resevwa.
  5. Analiz ak evalyasyon kilti lekòl la avèk rekonmandasyon pou entèvansyon ki vize ogmante sipò lòt elèv ak santiman apatnans nan kominote elèv.

- C. Se sèl administratè ki ka refere ka yon anplwaye lekòl oswa Distri a nan pwogram asistans pou anplwaye [Employee Assistance Program (EAP)] pou detèmine ki sèvis ki apwopriye.
- D. Refere tèt ou (self-referral) pou yon konsiltasyon enfòmèl: estaf Distri, elèv oswa paran/gadyen legal ka mande yon konsiltasyon enfòmèl avèk estaf lekòl la (egzanp, travayè sosyal, konseye/*school counselor*, sikològ lekòl la, Lyezon Prevansyon, EAP, etc) pou detèmine gravite zak entimidasyon, arasman oswa arasman seksyèl epitou konsidere mezi ki apwopriye pou adrese pwoblèm la; demann la ka fèt vèbalman oswa alekri bòkote Direktè lekòl la/Envestigatè deziye anchaj ankèt administratif.
- E. Tout entèvansyon dwe antre epi anrejistre nan sistèm jesyon BMS ak/oswa nan tout sistèm pou rapòte nan Distri a.

## X. KONDISYON EGZIJIB POU RAPÒTE ENSIDAN

- A. Dapre atik F.S. s. 1006.09(6), gen yon pwosedi ekzijib pou enkli ensidan zak entimidasyon (bullying) nan rapò lekòl la sou done sekirite ak disiplin. Rapò a dwe enkli chak ensidan bullying, arasman, oswa arasman seksyèl, jistifye oswa pa jistifye ak konsekans ki derive, ikonpri disiplin, entèvansyon ak referal.
- B. Distri a va itilize rapò SESIR *Statewide Report on School Safety and Discipline Data*, (Rapò done disiplin ak sekirite nan lekòl atravè Eta a) ki mande enkli zak entimidasyon (bullying), arasman, oswa arasman seksyèl avèk kòd korespondan.
- C. Disiplin, done referal, envestigasyon, entèvansyon, ak sanksyon disiplinè anrejistre nan sistèm jesyon disiplin [*Discipline Management System (DMS)*], BMS, ak lòt sistèm done apwopriye, epitou lòt enfraksyon ki dekri nan Liv Kòd Kondwit pou Elèv.

## XI. PWOSEDI POU REFERAL ENVESTIGASYON EKSTEN

- A. Si zak la pa nan kad responsablite Distri a, epi yo detèmine se yon zak kriminèl, touswit refere ka bay lapolis/ajans ranfòsman lalwa, ki apwopriye, notifye paran/gadyen legal epi direktè lekòl/envestigatè deziye anchaj ankèt administratif, va dokimante referal la nan BMS.
- B. Alòske Distri a pa asime okenn responsablite pou ensidan ki nesosite envestigasyon ekstèn, distri a ankouraje direktè lekòl/Envestigatè deziye founi asistans ak entèvansyon si li jije sa nesèsè, ikonpri mande kolaborasyon Ofisye polis lekòl (School Resource Officer) ak lòt manm estaf. Direktè lekòl/Envestigatè deziye anchaj ankèt administratif dwe itilize sistèm pou rapòte nan Distri a pou note tout referal.
- C. Si prezime viktim se yon elèv, yon referal pou envestigasyon ekstèn pa wete responsablite direktè lekòl/Envestigatè deziye anchaj ankèt administratif, pou mennen yon envestigasyon konplèt sou zak entimidasyon (bullying) epi pran yon desizyon final nan kenz (15) jou apre li resevwa konplent la.

## XII. PWOSEDI APÈL

- A. Pwosedè apèl konklizyon ankèt pou elèv prezime viktim oswa akize zak entimidasyon (bullying), arasman, oswa arasman seksyèl, dwe swiv etap ki dekri nan Liv Kòd Kondwit pou Elèv, Dwa pou Fè Apèl ak pwosedè pou pote plent/, “Right to Appeal Unfair Penalties”.
- B. Pwosedè apèl pou anplwaye ki prezime viktim oswa akize zak entimidasyon (bullying) oswa arasman, swiv etap sa yo:
  1. Si akize/anplwaye vle fè apèl aksyon ki dekri nan rezolisyon plent la, apèl la dwe depoze konfòmman ak SBBC Policy 4015 oswa konfòmman ak akò kontra kolektif, ki apwopriye.
  2. Pou anplwaye ki pa gen inite negosyasyon ki reprezante yo, fè apèl konfòmman ak SBBC Policy 4015. Nan priz desizyon osijè plent la, pran an konsiderasyon etap sa yo:
    - a. SBBC Policy 4.9, Employee Disciplinary Guidelines- Gid sanksyon disiplinè anplwaye; epi
    - b. Jiripridans, lwa ak regilasyon leta epi federal, ak Regleman Konsèy ki entèdi zak bullying ak diskriminasyon, epi Policy 4001.1.

### XIII. KONFIDANSYALITE

- A. Nan mezi sa posib, tout plent dwe trete kòm konfidansyèl epi konfòmman ak SBBC Policy 5100.1, F.S. s. 1002.22(3)(d); lwa dwa edikasyon pou fanmi ak vi prive/*Family Educational Rights and Privacy Act (“FERPA”)*; lwa sou asirans sante/*Health Insurance Portability and Accountability Act (“HIPAA”)*, ak lòt lwa ki aplikab, tankou F.S. s. 119.07(1), 1012.31(3)(a), oswa 1012.796(1)(c). Idantite pleyan dwe pwoteje, konfidansyalite absolè pa garanti.
- B. Pou mennen yon investigasyon konplèt, divilgasyon sèten enfòmasyon nesèsè. Devwa Distri a se envestige epi pran aksyon korektif ka ranplase dwa vi prive yon moun.
- C. Nan mezi sa posib, idantite tout pati ki te nan rapò a e ki te enplike nan prezime zak la, dwe pwoteje.

### XIV. TIRE REVANJ ENTÈDI

- A. Tire revanj enkli nenpòt fòm menas, revanj, oswa arasman an koneksyon ak soumèt yon plent oubyen ede nan yon investigasyon anba Policy (direktiv) sa. Lòt ka revanj posib.
- B. Tout kondwit revanj oswa mennasan kont yon moun ki te pote plent kont zak bullying oswa nenpòt moun ki te temwaye, ede, oubyen te patisipe, kèlkeswa fason an, pandan yon investigasyon, kondwit revanj entèdi, epi kòm sa esplike nan Policy sa, va trete kòm yon nouvo ka bullying.

### XV. REFERAL ADISYONÈL

- A. Nan tout ka, Distri a rezève dwa li pou transmèt rezilta pwòp investigasyon li bay pwokirè disetyèm tribinal Florid/*State Attorney for the Seventeenth Judicial Circuit of Florida*, pou posib pouswit kriminèl. Distri a andwa deside pran lòt akson, si li vle.

## **XVI. GARANTI KONSTITISYONÈL**

- A. Direktiv ak Regleman sa pa vledi entèdiksyon aktivite ekspresiv ki gen pwoteksyon Premye Amanman Konstitisyon Etazini oswa Atik I, Seksyon 4 Konstitisyon Leta Florid.

## **XVII. PRECLUSION - PREKLIZYON**

- A. Yo pa dwe entèprete regleman ak direktiv sa kòm kwa pou anpeche prezime viktim oswa akize mande reparasyon anba lòt dwa sivil oswa kriminèl ki akòde reparasyon.

## **XVIII. SEVERABILITY - SEPARABILITE**

- A. Si dispozisyon regleman sa pa legal, envalid, oswa inaplikab nan nenpòt jiridiksyon sa pap afekte nan jiridiksyon sa validite oswa egzekisyon lòt dispozisyon regleman an.

## **XIX. MODIFIKASYON DIREKTIV AK POLITIK**

- A. Omwen chak (3) twazan, pati konsène va reegzamine direktiv epi si sa nesesè, pote modifikasyon nan chanjman ki revize epi adopte.

Responsab Direktiv ak Regleman: Diversity & School Climate Department

Nimewo Ansyen Direktiv (Policy) a: 5.9

Otorite Legal: F.S. s. 1001.41(1), (2) ak (5)

Aplikasyon Lalwa: F.S. s. 1006.147, 1001.02; 1002.40(2), (3), ak (6), 6A-6.0951; Bous The Hope Scholarship Program F.S. s. 1002.40 ak F.S. s. 1002.421.

Direktiv ak Regleman (Policy) Adopte: 7/22/08, Amanman 15/6/10, 20/9/16, 4/2/20, 13/9/2022